



PENGURUS CABANG NAHDLATUL ULAMA KABUPATEN SRAGEN

Jl. Citandui No.4 Kliteh , Sragen Telp (0271) 891106 | Website : nusragenonline.com

اللَّهُ أَكْبَرُ ۝ اللَّهُ أَكْبَرُ ۝ اللَّهُ أَكْبَرُ

اللَّهُ أَكْبَرُ ۝ اللَّهُ أَكْبَرُ ۝ اللَّهُ أَكْبَرُ

اللَّهُ أَكْبَرُ ۝ اللَّهُ أَكْبَرُ ۝ اللَّهُ أَكْبَرُ

اللَّهُ أَكْبَرُ كَبِيرًا وَالْحَمْدُ لِلَّهِ كَثِيرًا وَسُبْحَانَ اللَّهِ بُكْرَةً وَأَصِيلًا، لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَاللَّهُ أَكْبَرُ اللَّهُ أَكْبَرُ وَ لِلَّهِ الْحَمْدُ

الْحَمْدُ لِلَّهِ الَّذِي جَعَلَ لِلْمُسْلِمِينَ عِيدَ الْفِطْرِ بَعْدَ صِيَامِ رَمَضَانَ وَعِيدَ الْأَضْحَى بَعْدَ يَوْمِ عَرَفَةَ

اللَّهُ أَكْبَرُ ۝ اللَّهُ أَكْبَرُ ۝ اللَّهُ أَكْبَرُ

أَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ لَهُ الْمَلِكُ الْعَظِيمُ الْأَكْبَرُ وَأَشْهَدُ أَنَّ سَيِّدَنَا مُحَمَّدًا عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ. اللَّهُمَّ صَلِّ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِهِ وَأَصْحَابِهِ الَّذِينَ أَذْهَبَ عَنْهُمْ الرَّجْسَ وَطَهَّرَ

أَمَّا بَعْدُ. فَيَا عِبَادَ اللَّهِ اتَّقُوا اللَّهَ حَقَّ تُقَاتِهِ وَلَا تَمُوتُنَّ إِلَّا وَأَنْتُمْ مُسْلِمُونَ

Hadirin, Jama'ah Sholat Idul Adha Rahimakumullah..

Wonten ing kesempatan ingkang bahagia meniko sumonggo kito usaha ningkataken kadar keimanan lan ketakwaan kito dhateng Allah SWT. Kelawan nglampahaken sadayaning perintah lan nebihi larangan-ipun.

Sholawat lan salam, mugi-mugi tansah kunjuk katur dhateng junjungan kito, Nabi akhir zaman, Nabi Muhammad SAW. Mugi-mugi kito angsal syafaatipun benjang wonten ing dinten kiamat. Amiin.

Hadirin, jama'ah sholat idul adha rahimakumullah..

Dinten meniko sedoyo umat Islam nglampahaken riyadin kurban utawi riyadin Idul Adha. Tamtunipun, momentum meniko mboten saged lepas saking kisah Nabi Ibrahim kados ingkang kerekam lebet serat ash-Shaffat ayat 99-111.

Dipuncrivosaken menawi Nabi Ibrahim sampun dangu sanget mboten gadhah putro. Lajeng Nabi Ibrahim bedoa kados wonten lebet surat ash-Shaffat ayat 100:

رَبِّ هَبْ لِي مِنَ الصَّالِحِينَ



PENGURUS CABANG NAHDLATUL ULAMA KABUPATEN SRAGEN

Jl. Citandui No.4 Kliteh , Sragen Telp (0271) 891106 | Website : nusragenonline.com

“Duh pengeran kulo, panjenengan anugerahkan dhateng kula (setunggaling tiyang lare) ingkang kelebet tiyang-tiyang shalih.”

Allah lajeng paring kabar bingah kelawan anugerah lahiripun setunggaling putro ingkang pinter lan sabar sanget. Anamung mawon, kala lare meniko sampun dewasa, Nabi Ibrahim diuji Allah supados nyembelih putro tercinta meniko.

Singkat cerito, kala Ibrahim lan Ismail pasrah dhateng Allah, Ibrâhîm mbekta larenipun dhateng setunggaling tumpukan pasir. Lajeng Ibrâhîm membaringkan Ismail kaliyan posisi pelipis ing inggiling lemah lan siap kangge disembelih.

Jamaah shalat idul adha hadâkumullâh..

Atas kersanipun Allah, drama penyembelihan anak manungso meniko batal dipunlampahaken. Allah berfirman lebet ayat salajengipun:

إِنَّ هَذَا لَهُوَ الْبَلَاءُ الْمُبِينُ ۖ وَقَدَيْتُهُ بِذَبْحٍ عَظِيمٍ ۖ وَتَرَكْنَا عَلَيْهِ فِي الْآخِرِينَ ۖ سَلَّمَ عَلَىٰ إِبْرَاهِيمَ ۖ كَذَلِكَ نَجْزِي الْمُحْسِنِينَ ۖ إِنَّهُ مِنْ عِبَادِنَا الْمُؤْمِنِينَ

“Sabenero iki bener-bener siji ujian kang nyata. Lan kito tebus anak iku karo siji sembelihan kang gedhe. Kita abadikan kanggo Ibrahim iku (pujian kang apik) ing kalangan wong-wong kang teka banjur, (yaiku) ‘kesejahteraan dilimpahake dhuwur Ibrahim’. Mangkono lah kito menehi walesan marang wong-wong kang tumindak apik. Sabenero dheweke termasuk kawulo-kawulo kito kang beriman.

Hadirin Rahimakumullah..

Ibadah kurban ingkang dipunlampahaken umat Islam saben tahun inggih meniko bentuk i'tibar utawi mendhet pelajaran kisah kasebat. Samboten-mbotenipun wonten tiga pesen umum ingkang saged kito pendhet.

Pelajaran sepindah, tentang totalitas kepatuhan dhateng Allah SWT. Nabi Ibrahim ingkang angsal titel “khalilullah” (kekasih Allah) angsal ujian berat ing naliko raos bahagianipun meluap-luap kelawan duginipun putro tercinta ingkang kaparingan asmo Ismail.

Lewat perintah nyembelih Ismail, Allah kados-kados badhe ngemutaken Nabi Ibrahim bilih anak meniko namung titipan. Betapapun mahalipun kito nilai anak, kito mboten angsal terlena bilih namung Allahlah tujuwan akhir saking raos tresno lan taat.

Nabi Ibrahim lolos saking ujian meniko. Piyambakipun mbuktikaken menawi piyambakipun sanggup ngalahaken egonipun kangge tujuwan mertahanaken nilai-nilai Ilahi. Sawentawis Nabi Ismail, sanadyan umuripun taksih bocah, mampu mbuktikaken dados lare ingkang ngabekti dhateng pengeranipun.



PENGURUS CABANG NAHDLATUL ULAMA KABUPATEN SRAGEN

Jl. Citandui No.4 Kliteh , Sragen Telp (0271) 891106 | Website : nusragenonline.com

Inggang menarik, Bapakipun matur dhateng Ismail nyuwun pendapatipun langkung-langkung rumiyin, kelawan tutur tembung inggang alus, tanpa unsur paksaan.

Sikap Nabi Ibrahim dhateng Ismail meniko maringi wucalan kangge para tiyang sepuh, sampun sapisan-pisan meksa anak kangge nglampahaken punapa-punapa senadyan meniko kelebet perkawis sae. Nanging tanglet utawi nyuwun pendapat dhateng anak, amargi secara mboten langsung hal meniko sgaed paring pelajaran dhateng anak kangge saling menghormati tiyang sanes.

Jamaah shalat idul adha hadâkumullâh,

Pelajaran kaping kalih inggih meniko tentang kamulyan manungso. Wonten ing kisah meniko kito ugi dipun-emitaken supados sampun nganggep awis punapa-punapa bilih meniko kangge mertahanaken nilai-nilai ketuhanan, nanging ing sisi sanes kito ugi dipunwantos-wantos supados mboten ngeremehaken nyawa lan getih manungso.

Panggantosan Nabi Ismail kaliyan domba ageng inggih meniko pesen nyata bilih pengorbanan dalam bentuk badan manungso kados tradisi salah setunggal kelompok ing jaman semanten inggih meniko hal inggang diharamaken.

Manungso kaliyan manungso sanes saestunipun inggih meniko sadherek. Piyambakipun sedoyo dipunlahiraken saking setunggal bapak, inggih meniko Nabi Adam 'Alaihissalâm. Larangan ngorbanaken manungso saleresipun penegasan tentang luhuripun manungso menggahipun Islam.

Hadirin rahimakumullah..

Pelajaran inggang kaping tiga inggang saged kito pendhet inggih meniko tentang hakikat pengorbanan. Sedekah daging kewan kurban meniko namung simbol. Makna korban meniko sejatosipun wiyar sanget, ngliputi pengorbanan ing ndalem wujud harta benda, tenaga, waktu, pikiran, lan sanes sanesipun. Pengorbanan inggih meniko wujud saking kesadaran kito dados makhluk sosial. Bayangkan, bilih masing-masing manungso namung nuruti ego lan kepentingan piyambak tanpo perduli kaliyan kebutuhan tiyang sanes, alangkah rusakipun gesang meniko.

Sadayaning tiyang kedahipun sami-sami tulung-tinulung, upaminipun, ngorbanaken sakedhik hartanipun kangge tangga inggang kirang mampu. Sadayaning tiyang kedah ngorbanaken sakedhik wekdalipun, upami, ngorbanaken wekdal kangge makamaken sadherek inggang pejah, leren sekedhap kendaraan nalika lampu merah lan sanes sanesipun. Keranten, keserakahan namung cocok dipun-gadhahi dening para kewan.

Hadirin rahimakumullah..

Ing ngrikilah perlunipun kito “menyembelih” sifat kewan kito, kangge nggayuh Rohmatipun Allah, keranten inti saking kurban inggih meniko solidaritas utawi sami-sami menghargai lan ketulusan murni kangge ngarep-ngarep Ridhanipun Allah. Mugi-mugi kito sami kelebet tiyang-tiyang inggang sholih lan sabar.. amiin amiin ya-robba alamiin..



PENGURUS CABANG NAHDLATUL ULAMA KABUPATEN SRAGEN

Jl. Citandui No.4 Kliteh , Sragen Telp (0271) 891106 | Website : nusragenonline.com

بَارَكَ اللهُ لِي وَلَكُمْ فِي الْقُرْآنِ الْعَظِيمِ، وَنَفَعَنِي وَإِيَّاكُمْ بِمَا فِيهِ مِنْ آيَةٍ وَذِكْرِ الْحَكِيمِ وَتَقَبَّلَ اللهُ مِنَّا وَمِنْكُمْ تِلَاوَتَهُ وَإِنَّهُ هُوَ السَّمِيعُ الْعَلِيمُ، وَأَقُولُ قَوْلِي هَذَا فَاسْتَغْفِرُ اللهَ الْعَظِيمَ إِنَّهُ هُوَ الْعَفُورُ الرَّحِيمُ

KHUTBAH KEDUA

الله أكبر ۝ الله أكبر ۝ الله أكبر

الله أكبر ۝ الله أكبر ۝ الله أكبر ۝ الله أكبر

الله أكبر كبيراً وَالْحَمْدُ لِلَّهِ كَثِيرًا وَسُبْحَانَ اللهِ بُكْرَةً وَأَصِيلًا، لَا إِلَهَ إِلَّا اللهُ وَاللهُ أَكْبَرُ، اللهُ أَكْبَرُ وَلِلَّهِ الْحَمْدُ

الْحَمْدُ لِلَّهِ عَلَى إِحْسَانِهِ وَالشُّكْرُ لَهُ عَلَى تَوْفِيقِهِ وَإِمْتِنَانِهِ. وَأَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللهُ وَاللهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ وَأَشْهَدُ أَنَّ سَيِّدَنَا مُحَمَّدًا عَبْدَهُ وَرَسُولَهُ الدَّاعِيَ إِلَى رِضْوَانِهِ. اللَّهُمَّ صَلِّ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِهِ وَأَصْحَابِهِ وَسَلِّمْ تَسْلِيمًا كَثِيرًا

أَمَّا بَعْدُ فَيَا أَيُّهَا النَّاسُ اتَّقُوا اللَّهَ فِيمَا أَمَرَ وَانْتَهُوا عَمَّا نَهَى وَاعْلَمُوا أَنَّ اللَّهَ أَمَرَكُمْ بِأَمْرٍ بَدَأَ فِيهِ بِنَفْسِهِ وَتَنَى بِمَلَأَ نِكَتِهِ بِفُضُولِهِ وَقَالَ تَعَالَى إِنَّ اللَّهَ وَمَلَائِكَتَهُ يُصَلُّونَ عَلَى النَّبِيِّ يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا صَلُّوا عَلَيْهِ وَسَلِّمُوا تَسْلِيمًا

اللَّهُمَّ صَلِّ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِ سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ كَمَا صَلَّيْتَ عَلَى سَيِّدِنَا إِبْرَاهِيمَ وَعَلَى آلِ سَيِّدِنَا إِبْرَاهِيمَ، إِنَّكَ حَمِيدٌ مَجِيدٌ. وَبَارِكْ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِ سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ كَمَا بَارَكْتَ عَلَى سَيِّدِنَا إِبْرَاهِيمَ وَعَلَى آلِ سَيِّدِنَا إِبْرَاهِيمَ، إِنَّكَ حَمِيدٌ مَجِيدٌ

اللَّهُمَّ اغْفِرْ لِلْمُؤْمِنِينَ وَالْمُؤْمِنَاتِ وَالْمُسْلِمِينَ وَالْمُسْلِمَاتِ الْأَحْيَاءِ مِنْهُمْ وَالْأَمْوَاتِ اللَّهُمَّ أَعِزِّ الْإِسْلَامَ وَالْمُسْلِمِينَ وَأَذِلَّ الشِّرْكَ وَالْمُشْرِكِينَ وَأَنْصُرْ عِبَادَكَ الْمُؤَحِّدِيَّةَ وَأَنْصُرْ مَنْ نَصَرَ الدِّينَ وَآخِذْ مَنْ خَذَلَ الْمُسْلِمِينَ وَدَمِّرْ أَعْدَاءَ الدِّينِ وَأَعْلِ كَلِمَاتِكَ إِلَى يَوْمِ الدِّينِ

اللَّهُمَّ ادْفَعْ عَنَّا الْبَلَاءَ وَالْوَبَاءَ وَالزَّلَازِلَ وَالْمِحْنَ وَسُوءَ الْفِتْنَةِ وَالْمِحْنَ مَا ظَهَرَ مِنْهَا وَمَا بَطَنَ عَنْ بَلَدِنَا إِنْدُونِيْسِيَا خَاصَّةً وَسَائِرِ الْبُلْدَانِ الْمُسْلِمِينَ عَامَّةً يَا رَبَّ الْعَالَمِينَ رَبَّنَا آتِنَا فِي الدُّنْيَا حَسَنَةً وَفِي الْآخِرَةِ حَسَنَةً وَقِنَا عَذَابَ النَّارِ رَبَّنَا ظَلَمْنَا أَنْفُسَنَا وَإِنْ لَمْ تَغْفِرْ لَنَا وَتَرْحَمْنَا لَنَكُونَنَّ مِنَ الْخَاسِرِينَ

عباد الله إِنَّ اللَّهَ يَأْمُرُ بِالْعَدْلِ وَالْإِحْسَانِ وَإِيتَاءِ ذِي الْقُرْبَى وَيَنْهَى عَنِ الْفَحْشَاءِ وَالْمُنْكَرِ وَالْبَغْيِ ۖ يَعِظُكُمْ لَعَلَّكُمْ تَذَكَّرُونَ فَادْكُرُوا اللَّهَ الْعَظِيمَ يَذْكُرْكُمْ، وَاشْكُرُوهُ عَلَى نِعَمِهِ يَزِدْكُمْ، وَلَذِكْرُ اللهِ أَكْبَرُ